**МКУ «ДЕПАРТАМЕНТ ОБРАЗОВАНИЯ МЕСТНОЙ АДМИНИСТРАЦИИ ГОРОДСКОГО ОКРУГА НАЛЬЧИК»**
**МУНИЦИПАЛЬНОЕ КАЗЕННОЕ ДОШКОЛЬНОЕ ОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ «ДЕТСКИЙ САД № 30» ГОРОДСКОГО ОКРУГА НАЛЬЧИК КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**
**МКДОУ «ДЕТСКИЙ САД №30» г.о. Нальчик**

**ИНН 0725031670 КПП 072501001**
**360022, Российская Федерация, КБР, г. Нальчик, ул. Площадь Коммунаров, д.20 тел: 77-00-22**
**e-mail: detsad.30@yandex.ru**

---

**Утверждено: МКДОУ «Детский сад №30»**
**Заведующая______________Нахушева Л.М.**

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА
## по обучению кабардино-черкесскому языку детей дошкольного возраста (от 3-х до 7 лет) на 2022 – 2023 учебный год

Составитель: Куготова С.Х.,
учитель кабардино-черкесского языка

Нальчик 2022г

**Программэм и зэхэтык1эр.**

1. Хэзыгъэгъуазэ.
2. Программэм и мурадхэр.
    2.1. Узыншагъэр егъэф1эк1уэн, 1эплъэпкъым зегъэужьын.
    2.2. Бзэм зегъэужьынымрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ.
    2.3. Есэп.
    2.4. Сенсорнэ гъэсэныгъэ.
    2.5. Сурэт щ1ынымрэ конструированиемрэ.
    2.6. Предметхэр къэгъэсэбэпынымрэ джэгук1эхэмрэ.
3. Тхьэмахуэ зэхуакум дерсхэр зэрытегуэша щ1ык1эр.
4. Лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэща щ1ык1эр.
5. Илъэсы и к1эм сабийм хузэф1ок1.
6. Диагностикэ.
7. Программэмрэ методикэмрэ я лъэныкъуэк1э и1э щ1эгъэкъуэныгъэ.
8. Тематическэ план.
    8.1. Узынышагъэр егъэф1эк1уэн, 1эплъэпкъым зегъэужьын.
    8.2. Сабиймрэ къэзыухъуреихь дунеймрэ.
    8.3. Бзэм зегъэужьын. Грамотэм хуэгъэхьэзырын.
    8.4. Есэп.
    8.5. Сурэт щ1ын.

1. **Хэзыгъэгъуазэ**.

ЦӀыхум и гъащӀэм нэхъ мыхьэнэшхуэ щызыубыд Ӏыхьэщ сабиигъуэр. Мы лъэхъэнэм сабийм дыкъэзыухъуреихь дунейм цӀыхухэм, хьэпшыпхэм, езым и гупсысэм, дунейм хиӀэ щытыкӀэм зытеувэныгъэ егъуэт, зеужь.ар хьэпшыпхэм йоӀусэ, ахэм я теплъэм, плъыфэр, инагъыр зрегъащӀэ, кӀэлъоплъ, дунейр зрегъэцӀыху. Къэзыухъуреихь дунейм и къулеягъэм, дахагъэм, макъ зэмылӀэжьыгъуэ зэхиххэм абы и гурыщӀэр къагъэуш, гупсысэм зрагъэужь, езыр – езыру щӀэныгъэ зригъэгъуэтыным хураджэ.

Гъэсэныгъэ – егъэджэныгъэ лэжьыгъэр сабийм сыт хуэдэ лъэныкъуэкӀи зегъэужьыным хуэунэтӀащ. Апхуэдэу щыхъукӀэ, программэр дидактикэм и хабзэм – зезыгъужь ухуэныгъэм тету зэхэлъхьа хъуащ. Л.С.Выготскэм зэрыжиӀэмкӀэ, тэмэму къызэгъэпэща егъэджэныгъэм зыужьыныгъэр къешэ. Ещхьыркъабзэу, егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ кууэ зэпхащ, абы къыхэкӀкӀэ, гъэсэныгъэми зыужьныгъэр къешэ.

Программэм лъэпкъым и культурэр, бзэр, хабзэр, щэнгъасэр хъума зэрыхъун Ӏэмалхэр къэгъэсэбэпыным хуэунэтӀащ.

Ӏэмал нэхъыщхъэр – ныбжьыщӀэм и сабиигъуэр тэмэму къипсэунырщ, къызыхэкӀа лъэпкъыр ищӀэжу, абы иригушхуэу, и тхыдэм щыгъуазэу, цӀыхуагъ хэлъу, и узыншагъэми, и акъылми, и гупсысэми, и бзэми и ныбжьым елъытауэ зыужьыныгъэ етынырщ, иджырей зэманым декӀуу псэуфынырщ, гъащӀэм хуэхьэзыру къэгъэтэджынырщ.

Программэм щызэпкъырыхащ щэнгъасэмрэ егъэсэныгъэмрэ я мурадхэмрэ къэлэнхэмрэ, къыщыгъэлъэгъуащ темэхэр, сбаийм дек1уэк1 лэжьыгъэм и зэхэтык1эр сабий садым зэрыщы1э зэманымрэ гъэм и зэманхэмрэ ехьэл1ауэ.

«Зэрылажьэ программэм» и 1ыхьэ нэхъыщхьэхэм щыщщ щэнгъасэм, егъэсэным, зегъэужьыным епха «Тематическэ планыр». Абы къыщыгъэлъэгъуащ дерсыр зыхуэунэт1ар, темэр, къэгъэсэбэпыпхъэ литературэр.

Программэм и мурадхэр дерсхэм гъэзэщ1а щохъу, ик1и ар къыщыгъэлъэгъуащ махуэрытх планым: зыхуэунэт1ар, темэр, литературэр, напэк1уэц1ыр, дерсым и №. Дерсхэм творчески ухэлэжьыхьыж мэхъур, сабийхэм я щытык1э епхауэзэхъуэк1ыныгъэхэр хэплъэу.

***Зезыгъэужь дерсым и зэхэлъыык1эр***:

* 1ыхьэр – Дыкъэзыухъуреихь дунейр.
* Зыхуэунэт1ар – Дыкъэзыухъуреихь предметхэр.
* Темэ – «Хадэм къыщык1эхэр».
* Мурадхэр: егъэсэн, зегъэужьын, щэнгъасэ.
* Ипэ къихуэ лэжьыгъэ.
* Къэгъэсэбэпыпхъэ предметхэр.
* Сабийм и псалъалъэм и къулеягъэм хэгъэхъуэн.
* 1эмалхэр.

***1эмалыщ1эхэр (инновационные приемы) къэгъэсэбэпынымк1э чэнджэщхэр***:

- Зэпсэлъэныгъэ, диалог щек1эук1ым и деж, упщ1эхэм жэуап щратк1э егъэсапхъэщ и бзэм къыщигъэсэбэпыну мыпхуэдэ псалъэхэр: «сэ сигугъэщ», «сэ сызэреплъымк1э», «сэ сызэрегупсысымк1э», «сэ сощ1э», «мыпхуэдэу щытынк1э мэхъу».
- Сабийм езыр-езыру гупсысэныр хуэгъэдэхэн, и жэуапхэр нэгъэсауэ иту, ар къызыхэк1ари, къыщежьари, аби кърик1уари зэпилъытэфу, жи1эфу егъэсэн. Псалъэм папщ1э: «Сыту п1эрэ псэущхьэхэм я нэхъыбэм я щ1эжьейхэр гъэм и хуабэгъуэм ирихьэл1эу дунейм къыщ1ытехьэр?». «Гъэм и хуабэгъуэм дунейр къоуш, апхуэдэу щыхъук1э, шхынри, псыри, хуабагъэри ягъуэтынущ ц1ык1унит1эхэм, ахэр ягъуэтмэ, къэхъунущ, ямыгъуэтрэ - къэхъунухэекъым». Сабийхэр щыуэным щ1ыщышынэн шы1экъым, ахэр егъэсэапхъэщ щыуагъэхэм гу лъатэу, зэрагъэзэхуэжыну.
- Сабийм и воображением, фантазием зиужьыныр къегъэблагъапхъэщ.
- Таблицэхэр, схемэхэр, символхэр, знакхэр зэрыхъук1э куэду къэгъэсэбэпын.
- Сабийм тэмакък1ыхьу, пщ1э хуэпщ1у бгъэдэтыпхъэщ, дзыхь зыхэлъ зэхущытык1э зэтегъэувапхъэщ; ф1ыщ1э хуэщ1ын, щыуагъэ балигъым 1эщ1эк1амэ, къыхуигъэгъуну елъэ1упхъэщ; щапхъэк1э, лъэ1ук1э, чэнджэщк1э зыхуэгъэзауэрэ лэжьыгъэ игъэзэщ1эным хуэущиипхъэщ, езым зыхуейр къыхихыну увып1э етыпхъэщ: «Къэфщ1эну фыхуей?», «Фыф1эгъэщ1эгъуэн?», «Нэхъ фигу ирихьыр къыхэфх».
- Дерсым и ек1уэк1ык1эр:

<u>1 1ыхьэ</u>. Ипэ ек1уэк1а дерсым къытегъэзэжын, егъэбыдыл1эн, къыщызэтеувы1ам и деж къыщыпыщэн, сабийм нэхъ тыншу темэщ1эр къыгуры1уэн папщ1э. 1эмалыщ1эхэр къэгъэсэбэпауэрэ, дерсхэр гъэщ1эгъ1уэну къыщ1эдзэн, проблемэ гъэувын, езы сабий губзыгъэм ар тэмэм зэрищ1ын 1эмалыр къегъэгъуэтын. Гъэщ1эгъуэну къызэ1уха дерсым сабийр хуешэ зыгуэр зэф1игъэувэным, мотивацием зэтоувэ - персонаж гуэрхэм е балигъхэм зыгуэр къащыщ1ащ (къутащ, гуэвэгъуэ къалъысащ, гуф1эгъуэ къэхъуащ), ахэм ящ1энур ящ1эркъым, пэлъэщкъым, е ахэр я закъуэу 1уэхур зэф1агъэк1ыну хуейхэкъым, ауэ сабийхэм щыуагъэхэр къагъуэтащ, псори зэрагъэзэхуэжащ. Сабихэр дэ1эпыкъуэгъуу, хъумак1уэхэу къыщ1ок1, персонажхэм ныбжьэгъу яхуохъу, ядоджэгу, псалъэ гуапэхэр, ф1ыщ1э зыпылъэхэр къалэжь.

<u>2 1ыхьэ</u>. Дерсым и темэр сабийхэм яжемы1ауэ, жэуап зрамытыфыну упщ1эхэр етын, ар хуэхъунущ план щ1э гуэр къащ1эным, гупсысэщ1э етыным. а) Сытым ещхь? б) Дауэ ар зэрылажьэр? в) Сыт апхуэдэу щ1ыщытыр? г) Дэнэ ар щыфщ1эр? Дауэ абы зызэрихъуэжыр? д) Дауэ епха ар адрей предметхэм? е) Сыт хуэдэ еплъык1эхэр щы1э иджыри? ж) Сыт дэ тщ1апхъэ? Сыт хуэдэ къэлэн ди1эр? З) Дауэ ар нэхъыф1 зэрытщ1ынур?

<u>3 1ыхьэ</u>. И содержанием ипкъ итк1э темэщ1эм хэпшэ мэхъу:

* къэухьым хэзыгъахъуэ балигъым и рассказк1э;

*балигъым и рассказымрэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэмрэ зэпыщ1ауэ;

*экспериментхэр, опытхэр сабийхэм ягъэзащ1эурэ.

Лэжьыгъэр зэрек1уэк1ым елъытауэ: сабийхэм я жэуап, балигъыр ныбжьыщ1эм до1эпыкъу, сабийхэр моделхэм, схемэхэм долажьэ, абы кърик1уэр псалъэк1э гъэбелджылащ, е сурэтк1э, знакк1э, схемэк1э егъэбыдыл1ащ. Апхуэдэу балигъыр и дэ1эпыкъуэгъуу сабийр йосэ 1эмалыщ1эхэр къэгъэсэбэпыным, акъылым, 1эплъэпкъым зеужь.

4 1ыхьэ. Щ1эуэ къищ1ар и1э щ1эныгъэхэм хэгъыхьэн (егъэбыдыл1эн), акъылыр гъэлэжьэн, щ1эныгъэщ1эм нэхъ кууэ щыгъуазэ щ1ын. Ипэк1э игъуэта щ1эныгъэхэр къигъэсэбэпурэ щ1эуэ зыгуэр зэригъэгъуэтыным и 1эпэгъуу гугъуагъ дерсхэм хэгъыхьэн:

* «Сэ зы рассказ гуэр сигу ислъхьащи, упщ1эк1э ар зытеухуар къафщ1эт». Ц1ык1ухэм упщ1эхэр ят: «Ар лъатэрэ?, къипщэпщыхьрэ?, зек1уэрэ?, бауэрэ?, къэк1ыгъэ?, псэущхьэ?, ц1ыху? Пшхы хъурэ?, и плъыфэр сыт хуэдэ?, и теплъэр?, сыт и хабзэ?, сыт гъэщ1эгъуэну хэлъ?»

* «Сэ сыхуейщ 1уащхьэмахуэ сывхутепсэлъыхьыну. Сыт абы теухуауэ къэфщ1эну фыхуей?» Ц1ык1ухэм яф1эгъэщ1эгъуэнхэмк1э упщ1э балигъым ират, балигъми упщ1эхэм я жэуапхэр тхылъхэм, энциклопедияхэм къыщигъуэтыну къегъэгугъэ. Ик1и захуегъазэ я унагъуэм ис балигъхэр зыдагъэ1эпыкъуу иллюстрациехэр къагъуэтыну, сурэт ящ1ыну.

* «Фэ нобэ псори фы зоолог - щ1эныгъэл1щ. дэ нобэ щомыщым и псэук1эр къэтхутэнущ. Сыт абы теухуауэ къэфщ1эну фызыхуейр?» (дэнэ щыпсэур?, и теплъэр зыхуэдэр?, дауэ и щ1эжьейр зэрип1ыр?, сыт и хьэл-щэн?).

* Творческэ 1эмалхэр хэлъхьауэ мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр гъэзэщ1эн: къэгупсысын, къыхэхын, къэщ1эн, къэгъуэтын, зэхэлъхьэн, къэ1уэтэн, гупк1э гуэшын, згъэхъуэжын, зэхъуэк1ын, зэпыщ1эныгъэ хуэщ1ын (мы 1эмалхэм наглядно – образнэ гупсысэк1эр логическэ – практическэм хуешэ, иужьк1э творческэ гупсысэк1эм).

5 1ыхьэ. Дерсыр къызэщ1экъуэжын. Сабийм и бзэм увып1э темэщ1эм щетын. Зэпсэлъэныгъэ егъэк1уэк1ын: «Сыт нобэ гъэщ1эгъуэн фщыхъуар?, Щ1эуэ зыгуэр къэфщ1а?, Сыт фыхуейт иджыри къэфщ1эну?, Сытым гу лъыфта? Сытыр нэхъ къывэгугъуэк1а?». Къэхутэныгъэ ирагъэк1уэк1ыну лэжьыгъэ етын, 1уэху нэхъыщхьэр къыхэгъэщхьэхук1ын, сабий къэс игъуэта ехъул1эныгъэхэр гъэбелджылынзыгуэр щ1эуэ къищ1эн, къихутэн жэрдэм егъэщ1ын, щэнгъасэм ехьэл1а лэжьыгъэ къыхэлъхьэн: щабагъ, шы1э, гущ1эгъу, л1ыхъужьагъ, лэжьыгъэ ф1ыуэ лъэгъун. Мотвациемрэ л.жьыгъэм и к1эухымрэ зыпэлъытэн.

Дерсхэр я къызэгъэпэщык1э ипкъ итк1э: интегрированнэхэщ, комплекснэхэщ, зезыгъэужьхэщ,джэгук1э 1эмалхэм тету къызэгъэпэщащ, схемэхэр, моделхэр, нэгъуэщ1 1эмалыщ1эхэр къыщыгъэсэбэпащ.

Гулъытэшхуэ егъуэт сабийм и 1эплъэпкъым зегъэужьыным, узыншагъэр хъумэным (физминуткэ, псэущхьэхэм зыпыщ1ыжын, адыгэ джэгук1эхэр, точечнэ массажым щыщ 1ыхьэхэр, 1эпэрыджэгухэр, бзэгум и гимнастикэ).

Программэм хохьэ диагностикэр.

2. **Программэм и мурадыр**.

Сыт хуэдэ лъэныкъуэк1и сабий къэс и ныбжь, зэф1эк1, психикэ елъытауэ зегъэужьыныр, егъэсэныр, щэнгъасэ хэлъхьэныр, зэгъэк1уауэ тэмэму ехъул1эныгъэхэр убзыхуныр.

2.1. **1эплъэпкъым зегъэужьын, узыншагъэр хъумэн**.

*Сабийм и узыншагъэр хъумэн. Дерсхэм зэрыхъук1э и 1эплъэпкъыр емызэшыным епха лэжьыгъэ егъэк1уэк1ын, згъэукъуэдиин.

*Зышы1э, еруагъ, тегушхуэныгъэ, зэщ1экъуэныгъэ хьэл сабийм зэхилъхьэным елэжьын, творчествэм, фантазием зегъэужьын.

*Физкультурэр гъэщ1эгъуэу щыщ1ын. Джэгухэм хэтыну, къызэригъэпэщыну жэрдэм ищ1у егъэсэн.

2.2. **Бзэм зегъэужьынымрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ**.

* Ныбжьыщ1эм и бзэм зегъэужьын: адыгэбзэр къигъэсэбэпу, ирипсэлъэну хуейуэ, и мурадыр, гупсысэр къи1уэтэфу.

* Сабийхэр егъэсэн:

- набдзэгубдзаплъэу, щ1эныгъэщ1э зрагъэгъуэтын жэрдэм ящ1у;

- сабийм и псалъалъэр къулей щ1ын, бзэм и пкъыгъуэ зэмыл1эужьыгъуэхэр къигъэсэбэпыфу, псалъэм и мыхьэнэр ф1эгъэщ1эгъуэну, ахэр къигъэсэбэпу;

- псалъэм хэт макъхэр къыхигъэщхьэхук1ыфу;

- псалъэухам хэт псалъэхэр зэпищ1эфу, зригъэ1уфу падежк1и, бжыгъэк1и, щхьэк1и;

- диалог, монолог иригъэк1уэк1ыфу, предметхэм, сурэтхэм, схемэк1э рассказ зэхилъхьэфу, таурыхъ к1эщ1 ц1ык1ухэр, къуажэхьхэр къигупсысыфу;

- джэгук1э 1эмалхэр къэгъэсэбэпауэ грамотэм хуэгъэхьэзырын, псалъэхэр пычыгъуэк1э игуэшу, пычыгъуит1, пычыгъуищ хъу псалъэхэр псалъэухауэ зэхигъэувэу.

- дыкъэзыухъуреихь дунейм теухуауэ и гуры1уэныгъэхэм зегъэужьын, хэгъэхъуэн.

- и унагъуэм гъэщ1эгъуэныгъэ хухэлъхьэн: и анэ-адэ, и 1ыхьлы-благъэр иц1ыхуу, къызыхэк1а лъэпкъыр ищ1эу, ехъул1эныгъэ я1эхэм щыгъуазэу, лъэпкъ жыгыр зэф1игъэувэфу.

* Зи хэкур ф1ыуэ зылъагъу, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, и лъэпкъым иригушхуэ ц1ыхуу къэхъуным елэжьын.

* Зыхуитыр ищ1эжу, нэгъуэщ1ым и хуитыныгъэр ихъумэу егъэсэн.

* Къэбэрдей – Балъкъэрым, Россием техуауэ щ1эныгъэ бгъэдэлъхьэн, ди къалащхьэ Налшык гъэщ1эгъуэнагъ етын. Гербыр, гимныр, бэракъыр егъэц1ыхун.

* Нэгъуэщ1 лъэпкъ ди щ1ып1эм щыпсэухэм пщ1э хуегъэщ1ын, ди лъэпкъ культурэмрэ ахэм я культурэмрэ щыгъуазэ щ1ын.

* Къэралым, республикэм игъэлъап1э махуэшхуэхэм щыгъуазэ щ1ын, космосым, щ1эныгъэм, спортым, лэжьыгъэм епха ехъул1эныгъэ и1эхэм щ1эгъэдэ1ун.

* Ц1ыхумрэ ди природэмрэ я1э зэпыщ1эныгъэхэм щ1эгъэдэ1ун, экологическэ гъэсэныгъэм и лъабжьэр гъэт1ылъын.

* Псэ зы1ут псоми гущ1эгъу хуищ1у, щысхь и1эу егъсэн.

* Псэущхьэм и хэщ1ап1эм, и теплъэм, псэук1эм и1э зэпыщ1эныгъэм гу лъегъэтэн.

2.3. **Есэп**.

* 10-м нэс бжэфу, бжыгъэхэм я зэхущытык1эр къыгуры1уэу егъэсэн.

* предметым и плъыфэр, теплъэр, инагъыр къихутэфу егъэсэн.

* план, схемэ зэхигъэувэфу егъэсэн.

* тхьэмахуэм и махуэхэр, мазэхэр, гъэм и зэманхэр зэхигъэк1ыфу егъэсэн.

2.4. **Сенсорнэ гъэсэныгъэ**.

* Зэхэзыщ1э органхэм зегъэужьын: нэхэм, тхьэк1мэхэм, мэ къыщ1ихьэным, 1эф1агъ-дыджагъ зэхэгъэк1ыным, 1эмпхъампэхэм.

* предметхэм, къэхъукъащ1эхэм к1элъыплъу, хэплъэу, щ1эдэ1уу егъэсэн. Предметхэр зэхигъэк1ыфу я теплъэ, щытык1э, плъыфэ елъытауэ хуэгъэсэн.

2.5. **Сурэт щ1ын.**

* Сурэт темэм епхауэ ищ1ыфу, ц1ыху, псэущхьэ, природэ сурэт ищ1ыфу, плъыфэ хуэфащэр къыхихыфу, инагъ-ц1ык1уагък1э зыхуихьыфу егъэсэн.

* Адыгэ тхыпхъэщ1ыпхъэхэм щыгъуазэ щ1ын, ахэр къигъэсэбэпыфу егъэсэн.

2.6. **Предметхэр къэгъэсэбэпынымрэ джэгук1эхэмрэ**.

* Дыкъэзыухъуреихь дунейм теухуауэ я1э щ1эныгъэр сабийхэм щыджэгук1э къагъэсэбэпу егъэсэн. Езыр-езыру джэгухэр къызэхаублэу, хабзэхэр ягъэзащ1эу гъэсэн.

* Зэныбжьэгъугъэ я зэхуакум дэлъу, нэхъ къарууншэм къыщхьэщыжу, дэ1эпыкъуу гъэсэн.

* Театрализованэ дерсхэр яф1эгъэщ1эгъуэн щ1ын, театр къагъэлъэгъуэну жэрдэм егъэщ1ын.

3. **Дерсхэр тхьэмахуэ зэхуакум, мазэм, илъэсым зэрытегуэшар**.

| Группэхэр, дерсыр зэрек1уэк1ыпхъэ дакъикъэ бжыгъэр | | Тхьэмахуэ зэхуакум и к1уэц1к1э хуэзэ дерс бжыгъэр | Мазэ зэхуакум хуэзэ дерс бжыгъэр | Илъэсым и к1уэц1к1э хуэзэ дерс бжыгъэр |
|---|---|---|---|---|
| Нэхъыщ1э | (дакъ. 15) | 2 | 8 | 66 |
| Ику ит | (дакъ. 20) | 2 | 8 | 66 |
| Нэхъыжь | (дакъ. 25) | 2 | 8 | 66 |
| Школым хуагъэхьэзыр | (дакъ. 30) | 2 | 8 | 66 |

Гъэ еджэгъуэм кърихубыдэу дерс 66 мэхъу.

4. **Лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэща щ1ык1эр**.

Сабийм и къэухьым зригъэужьыурэ балигъым ныбжьыщ1эхэр игъусэу дыкъэзыухъуреихь дунейм к1элъоплъ, усэхэр гук1э ирегъащ1э, художественнэ тхыгъэхэр ирегъэц1ыху, адыгэ джэгук1эхэр ирегъащ1э, хабзэм щыгъуазэ ещ1, гъэсэныгъэ лэжьыгъэ ирегъэк1уэк1. Къуажэхьхэр, псалъэжьхэр ирегъащ1э, театр дерсхэм драматизацием гъунэгъу щыхуещ1, щегъэув, музыкально-литературнэ пщыхьэщхьэхэр къызэрегъэпэщ.

5. **Илъэсым и к1эм сабийм хузэф1ок1**.

5.1. 1эплъэпкъым зегъэужьын, узыншагъэр хъумэн.

* И пкъыр захуэу е1ыгъыф.

* Джэгухэм хэтыфщ, и хабзэхэр егъэзэщ1эф.

* Джэгур зэхеублэф.

5.2. Сабиймрэ къэзыухъуреихь дунеймрэ.

* Экологием и к1уэц1к1э щы1э зэпыщ1эныгъэхэр къыбгурегъэ1уэф, ц1ыхум природэм хуи1э щытык1эм щыгъуазэщ.

* Мэз, губгъуэ, хадэ къэк1ыгъэхэм щыгъуазэщ; унэ псэущхьэхэмрэ хьэк1экхъуэк1эхэмрэ зэхегъэк1, Тылъ Плъыжьымк1э гуры1уэныгъэ и1эщ, ди щ1ып1эм къыщык1хэмрэ псэущхьэхэмрэ ещ1э.

5.3. Бзэм зегъэужьын.

* Зэпсэлъэныгъэхэм хэтщ: упщ1э егъэув, жэуап ет, жэуапым и пэжагъыр къе1уатэ.

* Макъыр дримышейуэ, шы1э хэлъу мэпсалъэ, бзэ1эф1агъ хэлъщ, ф1ыщ1э зэращ1 псалъэхэр къегъэсэбэп.

* «Макъ», «псалъэ», «псалъэуха», «пычыгъуэ» къарак1ыр ещ1э, макъым и щытып1эр псалъэхэм къыщегъуэт.

* Таурыхъ, усэ же1эжыф, рассказ зэхелъхьэф, драматизацием хотыф.

5.4. Художественнэ литературэ.

* Усэ, рассказ, таурыхъ, хъыбарыжь, къуажэхь жанрхэр зэхегъэк1. Ф1ыуэ илъагъу литературнэ тхыгъэхэр къре1уэ.

* Усит1-щы гук1э къоджэ, къуажэхьит1-щы къещ1эж.

* Тхыгъит1-щым я авторхэр къе1уэ.

5.6. Сурэт щ1ын, конструирование.

* Лъэпкъым къыдек1уэк1 тхыпхъэщ1ыпхъэхэр ец1ыху, ахэр сурэту ещ1.

* Предметым и плъыфэри, инагъ-ц1ык1уагъри, теплъэри же1э.

* таурыхъым, рассказым, природэм ехьэл1а сюжетхэр зэхегъэувэ.

6. **Диагностикэ**.

6.1.Гъэ еджэгъуэм и к1уэц1к1э 2 (сентябрь, апрель) сабийм и зэф1эк1ыр здынэсыр къэзыхутэ лэжьыгъэ йок1уэк1. Ар хуэгъэзащ сабийм и бзэм зегъэужьыным, есэпым, къэзыухъуреихь дунейм. Диагностикэм къигъэлъэгъуам ипкъ итк1э лэжьыгъэр къызэгъэпэща мэхъу.

7. **Программэмрэ методикэмрэ я лъэныкъуэк1э и1э щ1эгъэкъуэныгъэ.**

7.1. Р.М.Ацканова. Анэбзэ. Методическое пособие для учителей кабардинского языка дошкольной ступени образования. Нальчик. 2008 г.

7.2. Веракса. От рождения до школы. Программа воспитания и обучения в детском саду.

7.3. Успех. Программа воспитания и обучения в детском саду.

7.4. Л.Б.Фесюкова. Воспитание сказкой. Харьков. Фолио. 1996 г.

7.5. И.В.Скворцова. Логопедические игры. Для детей 4 – 6 лет. Москва. ЗАО ОЛМА Медиа Групп. 2008 г.

7.6. А.В.Аджи. Коспекты интегрированных занятий во второй младшей группе детского сада. Развитие речи. Обучение грамоте. Ознакомление с художественной литературой. Воронеж. 2006 г.

7.7. А.В.Аджи. Коспекты интегрированных занятий в старшей группе детского сада. Развитие речи. Обучение грамоте. Ознакомление с художественной литературой. Воронеж. 2006 г.

7.8. А.В.Аджи. Коспекты интегрированных занятий в подготовительной к школе группе детского сада. Развитие речи. Обучение грамоте. Ознакомление с художественной литературой. Воронеж. 2006 г.

7.9. Т.М.Бондаренко комплексные занятия во второй младшей группе детского сада. Воронеж. 2006 г.

7.10. . Т.М.Бондаренко комплексные занятия в подготовительной к школе группе детского сада. Воронеж. 2006 г.

7.11. Н.А.Рыжова. Не просто сказки. Экологические рассказы, сказки, праздники.москва. ЛИНКА-ПРЕСС. 2002 г.

7.12. инновации в логопедическую практику. Методическое пособие для дошкольных учреждений. Москва. ЛИНКА-ПРЕСС. 2008 г.

7.13. В.Н.Волчкова, Н.В.Степанов. Конспекты занятий во второй младшей группе детского сада. Воронеж. 2006 г.

7.14. В.Н.Волчкова, Н.В.Степанов. Конспекты занятий в средней младшей группе детского сада. Воронеж. 2006 г.

7.15. В.Н.Волчкова, Н.В.Степанов. Конспекты занятий в старшей группе детского сада. Воронеж. 2006 г.

7.16. В.Н.Волчкова, Н.В.Степанов. Конспекты занятий в подготовительной к школе группе детского сада. Воронеж. 2006 г.

7.17. Л.М.Тенгизова. театрализованные занятия на кабардинском языке. Методическое пособие для учителей кабардинского языка, методистов ДОУ, родителей. Нальчик. 2004 г.

8. **Тематическэ план.**

| мазэ | тхьэмахуэ | дерс № | Нэхъыщ1э гуп | Ику ит гуп | Нэхъыжь гуп | Школым хуагъэхьэзыр гуп |
|---|---|---|---|---|---|---|
| сентябрь | 1 | 1 | Сабийм и зэф1эк1ыр здынэсыр къэзыхутэ лэжьыгъэ (миниторинг уровня развития) | | | |
| | | 2 | | | | |
| | 2 | 3 | | | | |
| | | 4 | | | | |
| | 3 | 5 | **Позн**. Сабийхэр зэгъэц1ыхун. Сонэ Абдулчэрим и усэ «Ди - ди». *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | **Позн**. Гъэм и зэманхэр. *А.В.Аджи. Конспекты интегрированных занятий в 2 средней группе детского сада.ТЦ Учитель. Воронеж. 2006 г. (стр. 56).* | **Позн**. Си щ1ыналъэр. *А.В.Аджи. Конспекты интегрированных занятий в подготовительной к школе группе детскогосада. ТЦ Учитель. Воронеж. 2006 г., стр.66.* | **Позн**. Къэбэрдей – Балъкъэр. Налшык къалэ. *А.В.Аджи. Конспекты интегрированных занятий в подготовительной к школе группе. Воронеж ТЦ «Учитель». 2006 г., стр. 64, стр 228.* |
| | | 6 | *Международный день красоты.* Экскурсие адыгэбзэ кабинетым. *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | *Международный день красоты.* **Усэ**. Щоджэн Леонид «1уащхьэмахуэ». *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | *Международный день красоты.* **Усэ**. Аф1эунэ Лиуан «Адыгэбзэ». *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | *Международный день красоты.* **Усэ**. Щоджэн Леонид «Тхъэжыгъуэ». *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* |
| | 4 | 7 | **Театр**. Урыс псысэ «Дыщэ джэдык1э». *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | **Театр**. Таурыхъ «Мыщэмрэ Хьэмрэ». *Л.М.Тегизова. Театрализованные занятия. ДО. Нальчик, 2004 г., стр.* 5. | **Театр**. Таурыхъ «Л1ыжь ц1ык1умэ Дыгъужьымрэ». *Л.М.Тегизова. Театрализованные занятия. ДО. Нальчик, 2004 г., стр.* 16. | **Театр**. Таурыхъ викторинэ. *Л.М.Тегизова. Театрализованные занятия. ДО. Нальчик, 2004 г., стр.* 31. |
| | | 8 | **Р.р**. Бзэгу ц1ык1ум и таурыхъ. *А.В.Аджи. Конспекты интегрированных занятий во второй младшей группе детского сада. Воронеж. 2006 г., стр.28* | **Р.р**. Хадэхэк1хэр. *О.С.Ушакова. Занятия по развитию речи для детей 3 – 5 лет. ТЦ Сфера. Москва. 2010 г., стр.156.* | *День воспитателя и всех дошкольных работников.* **Р.р**. Сабий садым хэт щылажьэр? *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | *День воспитателя и всех дошкольных работников.* **Р.р**. Нобэ догъэлъап1э сабий садым и лэжьак1уэхэр. *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* |
| октябрь | 1 | 9 | **Тхыгъэ егъэдэ1уэн**. Н. Павловэ. «Мэрак1уэ ц1ык1у». *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | **Тхыгъэ егъэдэ1уэн**. Къэлак1уэ Ладин «Мы1эрысэ». *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | *Международный день музыки.* **Тхыгъэ егъэдэ1уэн**. Владимир Сутеев «1эгъэбэгу щ1агъым». *Е.И. Синицына. Умные сказки.* | *Международный день музыки.* **Тхыгъэ егъэдэ1уэн**. Къардэн Бубэ «Жыг ц1ык1у». |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | *Лист. Москва, 1999 г., стр.32 (текст)* *Л.М.Шалова.* *Конспект занятия.* | |
| | | 10 | **Зэдэ1уар жегъы1эжын**. Н. Павловэ. «Мэрак1уэ ц1ык1у». *Л.М.Шалова.* *Конспект занятия.* | **Зэдэ1уар жегъы1эжын**. Къэлак1уэ Ладин «Мы1эрысэ». *Л.М.Шалова.* *Конспект занятия.* | **Зэдэ1уар жегъы1эжын**. Владимир Сутеев «1эгъэбэгу щ1агъым». *Е.И. Синицына. Умные сказки. Лист. Москва, 1999 г., стр.32 (текст)* *Л.М.Шалова.* *Конспект занятия.* | **Зэдэ1уар жегъы1эжын**. Къардэн Бубэ и рассказ «Жыг ц1ык1у». *Л.М.Шалова.* *Конспект занятия.* |
| | 2 | 11 | *Всемирный день животных.* **Позн**. Унэ псэущхьэхэр. *А.В.Аджи. Конспекты интегрированных занятий во второй младшей группе детского сада. Воронеж. 2006 г., стр.33.* | *Всемирный день животных.* **Позн**. Унэ псэущхьэхэм я псэук1эр. *О.Ф.Горбатенко. Система экологического воспитания в ДОУ. ТЦ Учитель. Волгоград. 2006 г., стр. 48.* | *Всемирный день животных.* **Позн**. Хэт и унэр нэхъыф1. *Н.А.Рыжова.* *Не просто сказки. ЛИНКА-ПРЕСС. Москва. 2002 г.* | *Всемирный день животных.* **Позн**. «Хъыджэбз ц1ык1у Пы1ащхъуэмрэ Дыгъужь Плъыжьымрэ». *Н.А.Рыжова.* *Не просто сказки. ЛИНКА-ПРЕСС. Москва. 2002 г.* |
| | | 12 | **Сост.расск**. Сабийхэр псэущхьэхэм топсэлъыхь. *О.С.Ушакова. Занятия по развитию речи для детей 3-5 лет. Творческий Центр. Москва, 2010 г., стр.88.* | **Сост.расск**. Игрушкэхэм тепсэлъыхьын. Хьэмрэ джэдумрэ. *О.С.Ушакова. Занятия по развитию речи для детей 3 – 5 лет. ТЦ Сфера. Москва. 2010 г., стр.104.* | **Сост.расск**. Бжьыхьэм и нэщэнэхэр. *Л.М.Шалова.* *Конспект занятия.* | **Сост.расск**. Псэущхьэхэм щ1ымахуэм зыхуагъэхьэзыр. *А.В.Аджи. Конспекты интегрированных занятий в подготовительной к школе группе детскогосада. ТЦ Учитель. Воронеж. 2006 г., стр. 54.* |
| | 3 | 13 | *Всемирный день врача.* **Позн**. Бжьыхьэ. *Волчкова В.Н., Степанова Н.В. Конспекты занятий во 2 младшей группе детского сада. ТЦ.Учитель. Воронеж. 2006 г.* (стр. 62) | *Всемирный день врача.* **Позн**. Бжьыхьэм и саугъэтхэр. *О.Ф.Горбатенко. Система экологического воспитания в ДОУ. ТЦ Учитель. Волгоград. 2006 г., стр. 37.* | *Всемирный день врача.* **Позн**. Гъэм и зэманхэр. *Дошкольное воспитание № 3, 2012 г., стр.34.* | *Всемирный день врача.* **Позн**. Бжьыхьэ макъамэ. *А.В.Аджи. Конспекты интегрированных занятий в подготовительной к школе группе. Воронеж ТЦ «Учитель». 2006 г. стр. 38.* |
| | | 14 | **Усэ**. Хьэщыкъуей Олег «Бжьыхьэ». *Л.М.Шалова.* | **Усэ**. Щоджэн Леонид «Ди лъахэр». *Л.М.Шалова.* | **Усэ**. Щоджэн Леонид «Бжьыхьэ пщ1ант1э». *Л.М.Шалова.* | **Усэ**. Къэзан Фат1имэ «Бжьыхьэ». *Л.М.Шалова.* |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | *Конспект занятия.* | *Конспект занятия.* | *Конспект занятия.* | *Конспект занятия.* |
| | 4 | 15 | **Театр**. Таурыхъ жегъы1эжын. Урыс псысэ «Дыщэ джэдык1э». *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | **Театр**. Картон театр «Мыщэмрэ Хьэмрэ». *Л.М.Тенгизова. Театрализованные игры. ДО. Нальчик. 2004 г., стр.7.* | **Театр**. Картон театр Таурыхъ «Л1ыжь ц1ык1умэ Дыгъужьымрэ». *Л.М.Тенгизова. Театрализованные игры. ДО. Нальчик. 2004 г., стр.17.* | **Театр**. Картон театр «Мэз хьэщ1эхэр». *Л.М.Тенгизова. Театрализованные игры. ДО. Нальчик. 2004 г., стр.33.* |
| | | 16 | **Р.р**. Хадэхэк1хэр. *А.В.Аджи. Конспекты интегрированных занятий во 2 младшей группе детского сада. ТЦ Учитель. Воронеж. 2006 г. (стр.54)* | **Р.р**. Къуалэбзухэр. Перелетные птицы. *О.Ф.Горбатенко. Система экологического воспитания в ДОУ. ТЦ Учитель. Волгоград. 2006 г., стр. 46.* | **Р.р**. Къуалэбзухэм я т1асхъэ. *В.Н.Волчкова, Н.В.Степанова. Конспекты занятий в старшей группе детского сада. Эколгия. ТЦ Учитель. Воронеж. 2004 г., стр.39.* | **Р.р**. Къуалэбзухэр. *А.В.Аджи. Конспекты интегрированных занятий в подготовительной к школе группе детскогосада. ТЦ Учитель. Воронеж. 2006 г., стр. 69.* |
| ноябрь | 1 | 17 | **Тхыгъэ егъэдэ1уэн**. С.Прокофьевэ «Дапщэщ сыгъ щыхъуныр?» *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | **Тхыгъэ егъэдэ1уэн**. Тамбий Пагуэ «Аслъэнымрэ Дзыгъуэмрэ». *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | *День народного единства.* **Тхыгъэ егъэдэ1уэн**. Н.Сладков «Жалейкинрэ хьэндыркъуакъуэмрэ». *В.Н.Волчкова, Н.В.Степанова. Конспекты занятий в старшей группе детского сада. Эколгия. ТЦ Учитель. Воронеж. 2004 г., стр.11.* | *День народного единства.* **Тхыгъэ егъэдэ1уэн**. Тхыгъэ егъэдэ1уэн. Нарт хъыбар «Лъэпщ и къуэмрэ Тхьэгъэлэджрэ». *Л.М.Шалова. Конспект занятия. «Нур» № 4, 2012 г.* |
| | | 18 | **Зэдэ1уар жегъы1эжын**. С.Прокофьевэ «Дапщэщ сыгъ щыхъуныр?» *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | **Зэдэ1уар жегъы1эжын**. Тамбий Пагуэ «Аслъэнымрэ Дзыгъуэмрэ». *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | **Зэдэ1уар жегъы1эжын**. Н.Сладков «Жалейкинрэ хьэндыркъуакъуэмрэ». *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | **Зэдэ1уар жегъы1эжын**. Нарт хъыбар «Лъэпщ и къуэмрэ Тхьэгъэлэджрэ». *Л.М.Шалова. Конспект занятия. «Нур» № 4, 2012 г.* (текст) |
| | 2 | 19 | *День матери.* **Позн**. Мамэ щ1эсым унэр хуабэщ… *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | *День матери.* **Позн**. Нобэ, нобэ мамэу щы1эм… *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | *День матери.* **Позн**. Мамэ щ1эскъым, к1уащ хьэщ1ап1э… *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | *День матери.* **Позн**. Си анэ дыщэ. *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* |
| | | 20 | **Сост.расск**. Хадэхэк1хэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ сабийр тегъэпсэлъыхьын. | **Сост.расск**. Бзухэр. *О.Ф.Горбатенко. Система экологического воспитания в* | **Сост.расск**. Бжьыхьэ. *Л.М.Шалова. Конспект занятия.* | **Сост.расск**. Гъэм и зэманхэр. *А.В.Аджи. Конспекты интегрированных занятий в* |